

**SET LAN KOLOKASI
SAJRONE UPACARA PANGGIH PENGANTEN
ING KECAMATAN BERBEK KABUPATEN NGANJUK**

FARIDA TRI UTAMI
PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH (JAWA)
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGRI SURABAYA

ABSTRAK

Set lan kolokasi iku diandharake sesambungan karo bab wilayahe teges. Set iku nuduhake jinise sipat sesambungan paradigmatis, dene kolokasi iku nuduhake jinise sipat sesambungan sintagmatik. Saliyane iku, set lan kolokasi uga bisa diandharake adhedhasar sakabehe kanyatan ing alam donya lan kabudayan, kaya dene upacara panggih penganten kang mujudake salah sawijine kabudayan jawa. Adhedhasar andharan kasebut, *objek* panliten yaiku set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk, amarga tetembungan kang dinggo sajrone upacara panggih penganten iku tembung basa jawa kang asipat produktif lan frekuwentif kang ana sajrone wilayah kang padha, saengga tembung kasebut kerep owah saka maknane.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur punjere panliten iki yaiku ngenani set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk, dene kang dadi undherane panliten yaiku: (1) Apa wae jinise sipat sesambungan parahigmatik ing set sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk?; lan (2) Apa wae jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk?. Mula adhedhasar prakara kasebut, tujuwane panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise sipat sesambungan parahigmatik ing set lan jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing dhaerah kasebut.

Konsep-konsep ngenani set lan kolokasi ing upacara panggih penganten kaperang dadi loro yaiku konsep ngenani set kang nuduhake sipat sesambungan parahigmatik lan konsep ngenani kolokasi kang nuduhake sipat sesambungan sintagmatik. Set lan kolokasi perangan saka wilayahe teges (semantic field). sabanjure upacara panggih penganten minangka plataran set lan kolokasi.

Panliten set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten iki sipate *deskriptif analisis*. Dhata kang ana ing panliten iki dijupuk panliti ing *lapangan* kang arupa vidhio upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk. Sumber dhatane yaiku saka vidhio dokumentasi, informan, buku, lan kamus. Tatacara panglumpuke dhata nganggo *metode observasi* kanthi *teknik nyemak* lan *cathet*, banjur *metode semak lan cakap*. Tatacara panyuguhe asil panjlentrehe dhata nganggo cara *formal* lan *informal*, dene panjlentrehe dhata kanthi cara diidentifikasi lan diklasifikasi adhedhasar jlentrehan komponen makna lan jlentrehan struktur batin.

Set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten diandharake lan dijlentrehake adhedhasar jinise sipat sesambungan parahigmatik ing set lan jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi. Jinise sipat sesambungan paradigmatis ing set yaiku ana set sajinis lan maneka werna, set mirunggan lan umum, banjur set kuwasa lan ora kuwasa, dene jinise sipat sesambungan sintagnatik ing kolokasi yaiku ana kolokasi dhistribusi, kolokasi enkapsulasi, lan kolokasi ekstensi. Mula adhedhasar bab kasebut bisa dingerten yen tembung-tembung kang ora dhistribusi, tegese tembung kasebut mung ana sajrone upacara panggih penganten utawa asipat kuwasa, banjur yen tetembungan kasebut dhistribusi, mula tembung-tembung kasebut ora mung ana sajrone upacara panggih penganten utawa asipat ora kuwasa, banjur saliyane kuwi tembung-tembung kasebut uga ana kang nduwensi teges entar, saengga mujudake ekstensi.

Tembung wigati : tetembungan, set, kolokasi, parahigmatik, sintagmatik

PURWAKA

Set lan kolokasi iku diandharkake sesambungan karo bab wilayahe teges. Panliten ngenani set lan kolokasi pancean wis tinemu akeh, nanging sanajan wis tinemu akeh isih ana bab-bab kang perlu kawigaten kanggo ditliti. Kaya dene ngenani set kang nuduhake jinise sesambungane kang asipate paradigmatik lan kolokasi kang nuduhake jinise sesambungane kang asipat sintagmatik.

Sasuwene iki set lan kolokasi durung ana kang nliti kanthi jlimet, jalaran panliten kang wis tau dilaksanakake durung ana kang ngandharake ngenani bab jinise sesambungan paradigmatik ing set lan jinise sesambungan sintagmatik ing kolokasi sanajan ngandharake bab set lan kolokasi. Kaya dene panliten ngenani "Analisis Komponen Makna 'Berjalan'" dening Wedhawati (1989), banjur panliten ngenani wilayahe teges kang ditliti dening Suwatno (1994) kanthi irah-irahan "Analisis Komponen Makna Leksikon Wadah Dibuat Dari Bambu Bahasa Jawa". Sabanjure panliten ngenani "Medan Makna 'Aktivitas Gigi' dalam Bahasa Jawa" dening Nardianti (1995), lan uga panliten ngenani *Medan Makna Rasa Dalam Bahasa Jawa* dening Suwadji lan kanca-kanca (1995). Panliten-panliten kasebut mung ngandharake lan njlentrehake sesambungan ing antarane tembung kang nduwensi teges sawilayah yaiku adhedhasar wilayahe teges, nanging durung mligi ing andharan ngenani set lan kolokasi kang nuduhake sipate sesambungan paradigmatik lan sintagmatik.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur anggone nliti set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten, jalaran sakabehe kanyatan ing alam donya lan kabudayan kaya dene kabudayan jawa, bisa diandharake lan dijlentrehake adhedhasar wilayahe teges set lan kolokasi adhedhasar satuan leksikal mula, bisa diandharake lan dijlentrehake jinise sipat sesambungan paradigmatik ing set lan jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi sajrone upacara panggih penganten.

Saliyane kuwi anggone nliti set lan ¹ kasi sajrone upacara panggih penganten, jalaran temoung-tebung kang dinggo sajrone upacara panggih penganten iku tembung basa jawa asipat produktif lan frekuwentif kang ana sajrone wilayah kang padha, mula tembung-tebung kasebut kerep owah saka maknane. Adhedhasar bab kasebut upacara panggih penganten wigati kanggo ditliti sajrone set lan kolokasi kanthi nitiki jinise sipate sesambungan paradigmatik lan sintagmatik.

Wewatesane *objek* panliten iku yaiku set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten kang ana ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk, jalaran tembung-tebung kang dinggo sajrone upacara panggih penganten kuwi ora mesthi padha ing saben dhaerah. Tegese ing saben-saben dhaerah kuwi nduwensi cara kanggo nglaksanakake upacara panggih penganten kang beda manut karo pakeme dhewe-dhewe, mula supaya ora jumbuh karo bab kasebut panliti menehi watesan sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk.

Saliyane kuwi anggone milih set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk, jalaran dhaerah kasebut minangka papan panggonane panliti, saengga panliti minangka panutur asli kang luwih ngerti tembung-tebung kang digunakake sajrone upacara panggih penganten ing dhaerah kasebut, mula bisa nitiki jinise sipat sesambungan paradigmatik ing set lan jinise sipat sintagmatik ing kolokasi sajrone upacara panggih penganten.

TATACARANE PANLITEN

Panliten iki kalebu panliten basa kang asipat *dheskriptif analisis*, jalaran sajrone panliten iki ana sesambungane karo set lan kolokasi ing upacara panggih penganten kang ora mung bisa didheskriptifake, nanging kudu dijlentrehake kanthi pangajab supaya luwih cetha anggone ngerten ijinise sipate sesambungan paradigmatik ing set lan jinise sesambungan sintagmatik ing kolokasi.

Tatacara panglumpuke dhata nggunakake metodhe observasi lan nyemak. Sajrone panliten iki nggunakake teknik observasi lan cathet. Metodhe lan teknik kasebut, panliti nggoleki set lan kolokasi adhedhasar tembung-tebung kang digunakake ing upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk kanthi cara nyemak rekaman vidhio dokumentasi upacara panggih penganten.

Tatacara panjlentrehe dhata yaiku panliti anggone njlentrehake dhata kango njlentrehake jinise sipate sesambungan paradigmatis ing set lan jinise sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi bisa kanthi nggunakake jlentrehan komponen makna lan jlentrehan struktur batin (Gudai, 1989:24-28). Banjur tatacara panyuguhe asil panjlentrehe dhata kanthi nggunakake cara *formal* lan *informal*.

Data lan Sumber Data

Dhata arupa rekaman upacara panggih penganten minangka dokumentasi panliti nalika nindakake observasi ing lapangan (acara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk)

Sumber dhata ing panliten iku yaiku saka rekaman upacara panggih penganten yaiku saka rekaman vidhio dokumentasi acara panggih penganten kango nggoleki dhata kang arupa ukara lan tetembungan, dene kango nggoleki teges tembung sajrone upacara panggih penganten bisa saka Pranatacara lan juru paes penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk.

ANDHARAN

Asile panliten set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk.

A. Set sajrone Upacara Panggih Penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk

Set nuduhake jinise sipate sesambungan paradigmatik, mula kanggo ngandharake jinise sipate

sesambungan paradigmatik luwih disik bakal diandharake ngenani Set. Set sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk diandharake adhedhasar platarane, jalaran plataran kasebut mujudake wilayah teges tembung kang nduweni komponen makna. Mula andharan kasebut adhedhasar titilaksana upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk lan ubarampe sarta piranti kang digunakake sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk. Saliyane kuwi konsep ngenani set uga sesambungan karo hiponim, hipernim lan kohiponim. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Set Titilaksana sajrone Upacara Panggih Penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk



Ing ndhuwur bisa dideleng yen hiponim 'titilaksana upacara panggih penganten' kanthi urut yaiku 'balang gantal', kang langsung kohiponim marang 'wiji dadi', kang uga langsung kohiponim marang 'mersuci', langsung kohiponim marang 'ijol kembar mayang', ist nganti 'sungkeman'. Tembung kasebut hiponim marang 'titilaksana upacara panggih penganten', jalaran nduweni teges titilaku kang ditindakake dening penganten kekarone kanthi urut adhedhasar wektu. Mula saka andharan kasebut bisa dingertenien yen hiponim 'titilaksana upacara panggih penganten' mujudake set umum, jalaran tembung tembung kasebut subordinate upacara panggih penganten.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dingertenien yen sipayat sesambungan paradigmatik ing set titilaksana upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk mujudake set maneka

werna. Saliyane kuwi uga bisa dingertenien yen ana tembung-tembung kang ora mung digunakake sajrone upacara panggih penganten, ateges tembung-tembung kasebut uga digunakake ing babagan liya. Kaya dene tembung 'sungkeman' kang nduweni teges njaluk donga pangestu marang wong tuwa supaya kasil anggone nggayuh pangarep, saengga wajib ditindakake dening penganten, kamangka 'sungkeman' kuwi ora mung ana sajrone upacara panggih penganten, jalaran kabeh wong bisa nindakake sungkeman ora mung penganten, saengga platarane ora tetep.

Saliyane 'sungkeman' sing mujudake sipayat wajib kang kudu ditindakake sajrone upacara panggih penganten nanging ora mung penganten kang nindakake acara kasebut yaiku acara 'mersuci' kang tegese ngresiki awak supaya ora nandang sukerta. Acara mersuci iki wajib ditindakake penganten kekarone, nanging ora mung penganten wae sing bisa nindakake mersuci, saengga platarane ora tetep. Sabanjure 'pangkon timbang' yaiku acara kang ditindakake bapak saka penganten putri kanthi mangku penganten sakloron kang nduweni teges yen penganten kekarone padha-padha wigatine minangka anak, saengga ora dibedaake sanajan sing sijine mung anak mantu, mula pangkon timbang wajib ditindakake dening penganten, nanging pangkon timbang uga bisa ditindakake wong liya ora kudu penganten sanajan nduweni teges sing beda, saengga pangkon timbang uga ora tetep sajrone upacara panggih penganten.

Sabanjure 'tanem jero' lan 'kembul bujana', jalaran ora mung ditindakake dening penganten lan ora mung ana sajrone upacara panggih penganten. acara tanem jero yaiku acara kang ditindakake dening bapak/wali saka penganten putri kanthi nglungguhake penganten sakloron ning kursi kuadhe, tegese penganten sakloron ditanem didadekake siji kanthi urip bebojoan lan anggone nandur kanthi jero supaya ora gampang goyah nalika urip susah, mula asipat wajib ditindakake dening penganten nanging, tanem jero ora mung bisa ditindakake dening penganten sanajan beda tegese. Kaya dene tanem jero wit pelem, saengga ora netep sajrone upacara panggih penganten. Pungkasan kang asipat wajib nanging ora mung ditindakake dening penganten yaiku acara kembul bujana yaiku acara mangan panganan sarwo enak kanthi bebarengan kang tegese penganten sakloron bisaa urip bebarengan kanthi rukun, saengga kembul bujana asipat wajib, nanging platarane ora tetep, jalaran wajib ditindakake dening penganten, nanging ora mung penganten sing nidakake kembul bujana.

Sabanjure kang mujudake tembung-tembung sing mung ana sajrone upacara panggih penganten lan mung ditindakake dening penganten yaiku 'balang gantal' yaiku acara kang ditindakake penganten sakloron nalika panggih kanthi balang-balangan gantal kang nduweni teges penganten sakloron manunggalake tekad kanthi linambaran rasa katesnan lan tanggung jawab bebarengan mbangun balewisma. Mula balang gantal sipayat wajib ditindakake dening penganten kekarone lan uga perlu dingertenien yen balang gantal kuwi ya mung ditindakake dening penganten, saengga platarane tetep. Dene acara 'wiji dadi' yaiku penganten kakung ngidak endhog tegese penganten kekarone wis

pecah nalare anggone urip bebojoan, saliyane iku uga penganten kakung wis ora jaka lan penganten putri wis ora perawan maneh, saengga penganten kekarone bakal nglanjutake keturunan. Tembung wiji teges wantahe isine woh-wohan sing bisa ditandur, saengga wiji dadi ora tetep sajrone upacara panggih penganten, nanging wajib ditindakake dening penganten kekarone.

Sabanjure 'ijol kembar mayang' yaiku acara ijol-ijolan kembar mayang sing ditindakake dening putri dhomas lan putra manggolo nduweni teges penganten putri lan kakung wis ora jaka lan prawan maneh, saengga wis manteb anggone urip bebojoan kang bagya mulya selawase urip. Mula ijol kembar mayang wajib ditindakake dening penganten lan tetep ana sajrone upacara panggih penganten, jalaran wong sing wis siyap rabi kuwi kudu digawakne kembar mayang, saengga ijol kembar mayang ya mung ana sajrone upacara panggih penganten. Semono uga acara 'sinduran' yaiku penganten kekarone digendhong dening bapak saka penganten putri nganggo gedhong sindur sing wernane abang slerete putih nduweni teges yen penganten kekarone kudu tansah urip bebarengan selawase lan wong tuwa penganten kekarone kudu bisa dadi panutan, saengga sinduran wajib ditindakake dening penganten lan acara sinduran iki mung ana sajrone upacara panggih pengantin, mula platarane tetep.

Saliyane kuwi acara 'kacar-kucur' lan 'mertuwi' uga mujudake sipayat kang wajib ditindakake dening penganten lan nduweni plataran tetep, jalanan ya mung ditindakake sajrone upacara panggih penganten. kacar-kucur yaiku penganten kakung ngucurake beras kuning, wiji kawak, lan dhuwit klithik ning sapu tangan tuak sing dipangku penganten putri banjur diwenehake wong tuwane tegese penganten kakung nduweni kewajiban nafkahi bojone lan kudu tansah menehi rejeki marang wong tuwane, supaya gampang anggone oleh rejeki. Dene acara mertuwi yaiku acara mapak besan tegese supaya wong tuwa penganten kekarone supaya bisa raket kanthi mbangun paseduluran lan bebarengan dadi wong tuwa sing bisa dadi panutan penganten kekarone.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dingertenien yen tembung 'balang gantala', 'wiji dadi', 'ijol kembar mayang', 'sinduran', 'kacar-kucur', lan 'mertuwi' mujudake sipayat kang wajib ditindakake dening penganten lan tetembungan kasebut mung ana sajrone upacara panggih penganten, saengga platarane tetep. Mula nuduhake sipayat sesambungan paradigmatis kang kuwaswa. Saliyane kuwi uga bisa dingertenien yen tembung 'mersuci', 'pangkon timbang', 'tanem jero', 'kembul bujana' lan 'sungkeman' nuduhake sipayat kang wajib ditindakake dening penganten, nanging tetembungan kasebut ora mung ana sajrone upacara panggih penganten, saengga platarane ora tetep lan nuduhake set ora kuwaswa.

Jlentrehan Komponen Makna Titilaksana Upacara Panggih Penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk

komponen makna	plataran		sipate	
	tetep	ora tetep	wajib	ora wajib
tembung				
balang gantala	+	-	+	-
wiji dadi	-	+	+	-
mersuci	-	+	+	-
ijol kembar mayang	+	-	+	-
sinduran	+	-	+	-
pangkon timbang	-	+	+	-
tanem jero	-	+	+	-
kacar-kucur	+	-	+	-
kembul bujana	-	+	+	-
mertuwi	+	-	+	-
sungkeman	-	+	+	-

(+) : bisa ditampa

(-) : ora bisa ditampa

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dingertenien yen tembung 'balang gantala', 'wiji dadi', 'ijol kembar mayang', 'sinduran', 'kacar-kucur', lan 'mertuwi' mujudake sipayat kang wajib ditindakake dening penganten lan tetembungan kasebut mung ana sajrone upacara panggih penganten, saengga platarane tetep. Mula nuduhake sipayat sesambungan paradigmatis kang kuwaswa. Saliyane kuwi uga bisa dingertenien yen tembung 'mersuci', 'pangkon timbang', 'tanem jero', 'kembul bujana' lan 'sungkeman' nuduhake sipayat kang wajib ditindakake dening penganten, nanging tetembungan kasebut ora mung ana sajrone upacara panggih penganten, saengga platarane ora tetep lan nuduhake set ora kuwaswa.

Set sajinis lan set maneka werna sajrone upacara panggih penganten adhedhasar jlentrehan panliten ing ndhuwur, upamane set piranti lan ubarampe sajrone acara balang gantala kang kaperang dadi loro yaiku gantala gondhang turur lan gantala gondhang kasih, sanajan arane gantala kasebut beda, nanging padha-padha digawe saka godhong suruh sing ditaleni wenang, mula gantala gondhang kasih lan gantala gondhang turur mujudake set sajinis, dene ubarampe godhong suruh lan wenang mujudake set maneka werna, jalanan masiya beda jinis, nanging godhong suruh kohiponim marang wenang minangka hipernim ubarampe acara balang gantala.

Banjur set mirunggan lan set umum sajrone upacara panggih penganten adhedhasar asile njlentrehake dhata, upamane set piranti acara mersuci sajrone upacara panggih penganten, kaya kang wis diandharake ing ndhuwur yen set piranti mersuci ana bokor, siwur, lan klasa bangka kuwi mujudake set umum sajrone upacara panggih penganten, jalanan bokor, siwur, lan klasa bangka subordinat piranti acara mersuci sajrone upacara panggih penganten, nanging siwur lan bokor iki mujudake set mirunggan, jalanan

masiya beda wujude, nanging padha-padha njangkepi antara siji lan sijine lan ora bisa diganten iku piranti liyane. Saliyane kuwi uga sing kalebu set mirunggan yaiku kanthongan lan sapu tangan tuwak minangka set piranti acara kacar-kucur, jalaran kanthongan lan sapu tangan tuwak kasebut wernane abang kang slerete putih, saengga ora bisa diganten iku piranti liyane lan piranti kekarone kasebut padha-padha njangkepi antarane siji lan sijine.

2. Kolokasi sajrone Titilaksana Upacara Panggih Penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk

Kaya kang wis diandharake ing ndhuwur ngenani set sajrone titilaksana upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk yaiku 'balang gantal', 'wiji dadi', 'mersuci', 'ijol kembar mayang', 'sinduran', 'pangkon timbang', 'tanem jero', 'kacar-kucur', 'kembul bujana', 'mertui', lan 'sungkeman.' Sakabehe kuwi minangka andharan ngenani bab kolokasi sajrone upacara panggih penganten, jalaran andharan ngenani sakabehe tetembungan minangka set titilaksana upacara panggih penganten kasebut kalebu andharan kang sesambungan karo plataran sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk. Luwih cethane bisa dideleng ngisor iki.

a. Balang Gantal

Acara 'balang gantal' sajrone upacara panggih penganten yaiku acara sing ditindakake penganten kanthi balang-balangan gantal. Gantal sing dibalangake penganten kekarone digawe saka godhong suruh sing ditaleni wenang, gantal kasebut ana rong jinis arane yaiku gantal gondhang kasih lan gantal gondhang tutur. Penganten putri mbalangake gantal gondhang kasih pas nyang sukune penganten kakung, banjur penganten kakung mbalangake gantal gondhang tutur pas nyang dhadhane penganten putri. Sajrone upacara panggih penganten acara balang gantal iki minangka acara wiwitan kang ditindakake dening penganten lan acara 'balang gantal' iki tegese penganten sakloron manunggalake tekad kanthi linambaran rasa katesnan lan tanggung jawab bebarengan mbangun balewisma, saengga acara balang gantal iki mung ana sajrone upacara panggih penganten. Mula 'balang gantal' sajrone 'titilaksana' upacara panggih penganten nuduhake sesambungan sintagmatik. Luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (1) *Saksana kumlawe astane panganten putri, sarwi ambalang gantal mring panganten kakung. Daten saranta penganten kakung gya gumantya ambalang gantal.*

- (2) (*) *Saksana kumlawe astane Susi, sarwi ambalang gantal mring Pardi. Daten saranta Pardi gya gumantya ambalang gantal.*

Adhedhasar ukara (1) bisa dingerten iken 'penganten kakung' lan 'penganten putri' minangka jejer kang nduwensi kalungguhan agentif utawa paraga kang

nindakake acara 'ambalang gantal' minangka lesan kang kalungguhane minangka objektif sing 'ditindakake' penganten kakung lan penganten putri, yaiku kanthi 'gya gumantya ambalang gantal' minangka wasesa kang kalungguhane tanggap tarung. Saengga bisa dingerten iken ukara (1) nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang komutatif, jalaran acara balang gantal sakolokasi marang penganten kakung lan penganten putri. Dene ing ukara (2) ora nuduhake sipat sesambungan sintagmatik sajrone upacara panggih penganten, jalaran tembung 'balang gantal' kuwi mesti tumuju ing penganten, saengga balang gantal ora sakolokasi marang Pardi lan Susi.

Adhedhasar andharan kasebut bisa dingerten iken ukara (1) nuduhake sipate sesambungan sintagmatik minangka kolokasi ora dhistribusi, jalaran tetembungan 'balang gantal' mung ana sajrone upacara panggih penganten lan sakolokasi marang penganten kakung lan penganten putri.

Saliyane iku tembung 'balang' sajrone upacara panggih penganten kuwi uga nuduhake kolokasi enkapsulasi, jalaran 'balang' kuwi mesti nggunakake 'tangan'. luwih cethane bisa dideleng ing ukara iki.

Tuladha.

- (3) *Saksana kumlawe astane panganten putri, sarwi ambalang gantal mring panganten kakung.*

Ukara (3) nuduhake iken 'penganten putri' (jejer) kang kalungguhane minangka (agentif) utawa paraga kang nindakake ambalang gantal minangka (wasesa aktif), banjur anggone nindakake ambalang gantal kasebut penganten putri nggunakake tangane. Mula ukara (3) nuduhake iken 'ambalang' minangka kolokasi enkapsulasi marang 'astane' (tangane), jalaran balang iku mesti nggunakake tangan, ora mokal yen balang nggunakake sikil. Saengga nuduhake sipat sesambungan sintagmatik.

b. Wiji Dadi

Acara 'wiji dadi' sajrone upacara panggih penganten kuwi penganten kakung nindakake ngidak endog pitik jawa kanthi pecah kang tegese penganten kekarone wis pecah nalar, pecah pikire bisa mbangun bale wisma kanthi bebarengan. Acara wiji dadi iki sakolokasi marang penganten kakung lan endhog pitik jawa, luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (4) *Sakala antiga pinidak ing pada penganten kakung, pecah sanalika, mabyor pecahing wiji-dadi gumelar ing alam padhang.*

- (5) Pak Harto nandur wiji lombok ijo ing tegal ngguri omah.

Ukara (4) Penganten kakung (jejer) kang kalungguhane minangka paraga kang nindakake acara 'wiji dadi' yaiku kanthi ngidak endhog pitik jawa (antiga) minangka ubarampe, anggone ngidak (pinidak) mujudake wasesa aktif nganggo sikil (pada). Adhedhasar bab kasebut bisa dingerten iken acara wiji dadi sakolokasi marang endhog (antiga) lan penganten kakung, saengga mujudake sipat sesambungan

sintagmatik kang komitatif, jalaran ora bisa ditampa tegese yen penganten kakung diganti penganten putri.

Saliyane kuwi perlu dingerten i yen tembung 'wiji' kuwi teges wantahya yaiku isine woh kang bisa thukul dadi wit, dene tembung 'wiji' sajrone upacara panggih penganten ngandut teges entar yaiku calon jabang bayi utawa keturunan sing apik. Mula saka kuwi tembung 'wiji' kalebu sipate sesambungan kang asipat sintagmatik sing ekstensi, jalaran tembung 'wiji' sing teges wantahya mung kanggo tetuwuhan ning saiki tembung 'wiji' nduweni teges entar kang bisa digunakake kanggo manungsa.

Tembung 'wiji' ing ukara (4) tegese entar yaiku penganten kakung minnka paraga kang nindakake acara wiji dadi, anggone nindakake kanthi pandonga yen muga-muga bisa menehi keturunan kang apik kanggo penganten putri lan bisa dadi bocah sing becik manut marang wong tuwane. Banjur tembung 'wiji' ing ukara (5) tegese wantahya yaiku isine woh kang bisa thukul dadi wit, tegese Pak Harto nandur wiji lombok supaya bisa thukul dadi wit lombok lan bisa woh lomboke. Mula tembung 'wiji' kuwi nuduhake sifat sesambungan sintagmatik kang ekstensi, jalaran tembung 'wiji' sajrone upacara panggih penganten tegese entar.

c. Mersuci

Acara mersuci sajrone upacara panggih penganten yaiku penganten putri wisuhi sikile penganten kakung sawise ngidak endog karo banyu kembang setaman. Acara mersuci iki ora mung ana sajrone upacara panggih penganten, nanging uga ana sajrone upacara ritual liyane. Acara mersuci kuwi tegese ngresiki awak ben ora nandang sukerta. Luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (6) *Penganten putri amijiki samparanipun keng raka minangka pralampita angicali saliring sukerta mugi tulus mulya manggih raharja.*
- (7) Mbah Marno nindakake acara mersuci kanthi cara adus nggunakake banyu kembang setaman.

Ukara (6) yen mersuci iki uga sesambungan karo upacara panggih penganten, 'penganten putri' ing ukara (7) minangka jejer kang kalungguhane minangka paraga sing ngisuhi (amijiki) sikile penganten kakung, dene 'penganten kakung' kalungguhane minangka paraga kang nindakake mersuci, saengga acara mersuci sakolokasi marang penganten kakung minangka paraga sing nindakake lan penganten putri paraga sing nanggapi sing ditindakake penganten kakung, lan uga sakolokasi marang sukerta minangka katrangan panggenah. Mula ukara (6) kasebut mujudake sesambungan sintagmatik kang netep (komitatif), tegese guna lan kalungguhane penganten kakung lan penganten putri ora bisa diowahi, amarga bisa ngowahi makna sajrone upacara panggih penganten.

Semono uga 'Mbah Marno' ing ukara (7) uga minangka panindak kang nindakake acara mersuci, masiya beda tata carane lan platarane anggone nindakake mersuci, nanging padha tegese yaiku ngresiki awak ben ora nandang sukerta. Adhedhasar

andharan kasebut bisa dingerten i yen tembung 'mersuci' ing ukara (6) lan (7) mujudakae kolokasi dhistribusi kang nuduhake sifat sesambungan sintagmatik sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk.

d. Ijol Kembar Mayang

Ijol kembar mayang sajrone upacara panggih penganten ditindakake karo putri dhomas lan putra manggolo. Kembar mayang cacahe papat sing dipondhong putra manggolo lan putri dhomas diijolake sawise acara mersuci. Ijol kembar mayang sajrone upacara panggih penganten iki nduweni teges penganten putri lan kakung wis ora jaka lan prawan maneh, saengga wis manteb anggone urip bebojoan kang bagya mulya selawase urip. Luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (8) *Daya-daya juru ampil sekar kembar mayang nenggih putri dhomas miyah putra manggala kang sami kembar ing busana age-age samya liru kembar mayang.*
- (9) (*) Andi lan Santi nindakake ijol kembar mayang

Ukara (8) nuduhake yen acara ijol-ijolan (liru) kembar mayang sajrone upacara panggih penganten sing nindakake ijol-ijolan kembar mayang yaiku 'putra manggala' lan 'putri dhomas' (jejer) kang kalungguhane minangka paraga kang nindakake ijol-ijolan kembar mayang, banjur anane tembung 'ijol-ijolan' ing ukara (8) nuduhake yen putra manggala lan putri dhomas padha-padha nindakake ijol-ijolan (wasesa) kang kalungguhane minangka tanggap tarung utawa resiprokal lan sing diijolake 'kembar mayang' (lesan) ing ukara kasebut kang kalungguhane minangka piranti kang diijolake. Mula ukara (8) iku bisa ditampa, jalanan putra manggala lan putri dhomas bisa diowahi strukture sajrone ukara kasebut lan ora bakal ngowahi makna sajrone upacara panggih penganten, saengga putra manggala lan putri dhomas asipat komutatif utawa sesambungan lan mujudake sesambungan sintagmatik kang ora netep.

Sabanjure ing ukara (9) paragane diganti 'Andi lan Santi' (jejer) ndadekake ukara kasebut ora bisa ditampa, jalanan 'Andi lan Santi' ora mesti kadhapuk dadi putra manggala lan putri dhomas sajrone upacara panggih penganten. Mula saka kuwi acara ijol-ijolan kembar mayang mujudake kolokasi ora dhistribusi kang nuduhake sifat sesambungan sintagmatik sajrone upacara panggih penganten, jalanan acara ijol-ijolan kembar mayang anane mung sajrone upacara panggih penganten.

Adhedhasar andharan kasebut uga bisa dingerten i yen ukara (8) kasebut minangka kolokasi ora dhistribusi kang nuduhake sesambungan sintagmatik sajrone upacara panggih penganten, jalanan putra manggolo lan putri dhomas kasebut padha-padha njangkepi antarane siji lan sijine lan ora bisa diowahi-

owahi amarga bisa ngowahi makna sajrone upacara panggih penganten.

e. Sinduran

Acara sinduran sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk dilaksanakake sawise acara ijol kembar mayang. Perlu dingerten i yen acara sinduran iki tegese penganten kekarone kudu tansah urip bebarengan selawase lan wong tuwa penganten kekarone kudu bisa dadi panutan. Adhedhasar bab kasebut luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (10) *Penganten kekalih sigra siningkepan sindur ingkang awarni rekta miwah seta dening Rama-Ibu.*

- (11) (*) Pardi lan Bojone banjur siningkepan sindur kang wernane abang lan putih karo Bapak-Ibu.

Ukara (10) nuduhake yen penganten kekarone (jejer) kang kalungguhane minangka paraga kang nindakake acara sinduran sajrone upacara panggih penganten, anggone nindakake kanthi siningkepan (wasesa pasif) sindur kang wernane abang lan putih (piranti) karo Bapak lan Ibu kalungguhane minangka pananggap sing ditindakake penganten kekarone, saengga acara sinduran mesti ana sajrone upacara panggih penganten lan mujudake sipay sesambungan sintagmatik kang komitatif, jalaran acara sinduran sakolokasi marang penganten kekarone, kain sindur sing wernane abang lan putih lan Bapak lan Ibu. Dene ukara (11) kuwi ora bisa ditampa, jalaran durung mesti Pardi lan Bojone iku jejer kang kalungguhane ora dadi paraga penganten, amarga sing nindakake acara sinduran ya mung penganten kekarone. Mula acara sinduran mujudake kolokasi ora dhistribusi kang nuduhake sipay sesambungan sintagmatik sajrone upacara panggih penganten.

f. Pangkon Timbang

Acara pangkon timbang sajrone upacara panggih penganten nduweni makna yen penganten sakloron yen ditimbang padha bobote, tegese ora bobot awake nanging padha-padha wigatine dadi anak masiya mung anak mantu, nanging dianggep kaya anake dhewe tumrap wong tuwa saka penganten.. Luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (12) *Kalajengaken upacara krobongan, ingkang kapurwakan upacara pangkon-timbang ngemu suraos, nimbang bobot-bebet-bititing penganten kekalih.*

- (13) Beras rong karung iki sawise daktimbang bobote padha limang kilone.

Ukara (12) nuduhake yen sing ditimbang dudu abot awake penganten, nanging sing abot iku kalungguhane penganten kekarone tumrap wong tuwane, ateges padha-padha wigatine mula ngandut tegese entar. Saengga bisa dingerten i yen acara pangkon

timbang sakolokasi marang penganten kekarone minangka jejer kang kalungguhane paraga sing nindakake acara pangkon timbang, banjur upacara krobongan minangka keterangan wayah nalika nindakake acara pangkon timbang. Dene ukara (13) iku nuduhake yen sing ditimbang iku bobote beras minangka teges wantah. Mula tembung 'timbang' ing ukara (12) iku mujudake kolokasi ekstensi kang nuduhake sipay sesambungan sintagmatik, jalaran teges wantah 'timbang' yaiku sing ditimbang kuwi bobot abote kanthi nuduhake satuan bobot timbange nanging, saiki sajrone upacara panggih penganten tegese owah dadi entar yaiku penganten tumrape wong tuwane dianggep padha wigatine lan padha-padha anake kang ora bakal dibedakake.

Sabanjure tembung 'pangkon' uga nuduhake sipay sesambungan rasa marang tembung 'pupu', jalaran pangkon kuwi nggunakake pupu. Luwih cethane bisa dideleng ukara ngisor iki.

Tuladha.

- (14) *Penganten kakung kapangku dening Rama wonten ing jengkunipun sisih tengen, wondene penganten putri kapangku ing jengku sisih kiwa.*

Ukara (14) penganten kakung lan penganten putri (jejer) kang kalungguhane minangka paraga kang dipangku (wasesa pasif) utawa nanggapi sing ditindakake dening lesan yaiku Bapak utawa wali saka penganten putri kang kalungguhane minangka panindak sing nindakake mangku penganten kekarone nalika nindakake acara pangkon timbang minangka keterangan panggenah, saengga guna lan kalungguhane 'Bapak utawa wali saka penganten putri' lan 'Penganten kekarone' ora bisa diowahi, jalaran bisa ngowahi makna sajrone upacara panggih penganten. Mula ukara (14) bisa dingerten i yen kolokasi pangkon timbang sajrone upacara panggih penganten sesambungan karo penganten kekarone Bapak penganten putri, saengga mujudake sesambungan sintagmatik kang netep utawa komitatif.

Ukara (14) nuduhake yen tembung 'pangkon' kolokasi enkapsulasi, jalaran dipangkon kuwi lungguh ing pupu utawa mangku kuwi mesti nganggo pupu, ora mokal yen mangku kuwi nganggo tangan.

g. Tanem Jero

Acara Tanem Jero sajrone upacara panggih penganten dilaksanakake sawise acara pangkon timbang. Wis diandharake ing ndhuwur yen acara pangkon timbang iki penganten dipangku dening bapak utawa wali saka penganten putri, dene acara tanem jero, penganten dilungguhne ning kursi kuwadhe dening bapak utawa wali saka penganten putri kang nduweni teges penganten sakloron ditanem didadekake siji kanthi urip bebojoan lan anggone nandur kanthi jero supaya ora gampang goyah nalika urip susah . Mula sajrone upacara panggih penganten tanem jero kuwi tegese ora nandur wit-witan saliyane wit pari. Luwih cethane bisa dideleng ukara ngisor iki.

Tuladha.

- (15) *Paripurna upacara pangkon-timbang, sigra kalajengaken upacara tanem jero, kanthi*

Penganten kekalih kalenggahaken ing dhampar kencana dening ingkang Rama.

- (16) Thukulan wit palem kudu ditanem kanthi jero ning lemah supaya bisa tuwuh kanthi subur.

Ukara (15) nuduhake yen kalungguhane penganten kekarone (jejer) minangka minangka paraga sing nanggapi kang ditindakake dening Bapak saka Penganten Putri yaiku Penganten kekarone dilungguhake (wasesa pasif) ing kursi kuwadhe utawa ditanem kanthi jero. Ing ukara (15) iki guna lan kalungguhane Penganten kekarone lan Bapak saka Penganten putri ora bisa diowahi, jalaran bisa ngowahi makna sajrone upacara panggih penganten. Mula ukara (15) bisa dingerten i yen acara tanem jero sajrone upacara panggih penganten sakolokasi marang Bapak Penganten Putri, Penganten kekarone lan kursi kuwadhe, saengga nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang netep (komitatif).

Dene ing ukara (16) wis cetha tegese yen anggone nanem thukulan wit palem kudu jero anggone nencepakae supaya bisa tuwuh kanthi subur. Mula tembung tanem jero minangka kolokasi ekstensi kang nuduhake sipat sesambungan sintagmatik, jalaran owah tegese sing maune tanem jero kuwi kanggo tetuwuhan, nanging sajrone upacara panggih penganten tegese entar yaiku bisa penganten kekarone urip bebarengan kanthi subur lan makmur selawase.

h. Kacar-Kucur

Kacar-kucur sajrone upacara panggih penganten yaiku ngucurake sakabehe isi sajrone kanthongan yaiku beras kuning, wiji kawak lan dhuwit klithik kang ditindakake dening penganten kakung, banjur anggone ngucurake ing sapu tangan tuwak kang dipangku dening penganten putri nduweni teges penganten kakung nduweni kewajiban nafkah bojone lan kudu tansah menehi rejeki marang wong tuwane, supaya gampang anggone oleh rejeki. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Tuladha.

- (17) *Paripurna upacara tanem jero, sigra kalajengaken Penganten kekalih nindakaken upacara kacar-kucur tampa kaya.*
- (18) (*)Tukimin lagi wae nindakake acara kacar-kucur karo Anita.

Ukara (17) nuduhake yen Penganten kekarone (jejer) kalungguhane paraga sing nindakake (wasesa aktif) acara kacar-kucur tampa kaya (lesan) kalungguhane objektif lan anggone nindakake sawise upacara tanem jero. Mula adhedhasar andharan kasebut bisa dingerten i yen ukara (17) kuwi mujudake kolokasi ora dhistribusi kang nuduhake sipat sesambungan sintagmatik sajrone upacara panggih penganten. Luwih cethane bisa ditandhingake karo ukara (18) yen diandharake kalungguhane Tukimin lan Anita (jejer) uga padha nindakake acara kacar-kucur, kamangka

Tukimin lan Anita kuwi ora dadi paraga penganten saengga ukara (18) durung bisa ditampa adhedhasar sipat sesambungan sintagmatik, jalaran acara kacar-kucur sajrone upacara panggih penganten sakolokasi marang penganten kakung lan penganten putri lan uga sesambungan karo tampa kaya.

i. Kembul Bujana

Acara kembul bujana sajrone upacara panggih penganten tegese mangan panganan kang sarwo enak kanthi bebarengan. penganten dicepaki sega kuning jangkep saklawuhe banjur dipangan kanthi dulang-dulangan kaping telu lan uga banyu tirta weneng kango unjukane. Acara kembul bujana kasebut uga wigati sajrone upacara panggih penganten lan kudu ana. Mula tetembungan kembul bujana sajrone upacara panggih penganten mujudake sipat sesambungan sintagmatik nanging, tetembungan kembul bujana ora mung ana sajrone upacara panggih penganten wae saengga kembul bujana mujudake sipate sesambungan kang distribusi. Luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (19) *Purna upacara kacar-kucur, sigra kalajengaken penganten kekalih dhahar boga jenar manca warna inggihadicara kembul bujana.*
- (20) Dina senin kepungkur Roni lan Bojone nindakake acara kembul bujana nyang dhepot pinggir wetan pasar Berbek.

Ukara (19) Penganten kekarone (jejer) kang kalungguhane paraga kang nindakake acara kembul bujana (lesan) kalungguhane objektif, anggone nindakake sawise acara kacar-kucur kanthi dhahar (reflesif aktif) boga jenar manca warna, saengga ukara (19) kasebut bisa ditampa, jalaran ukara (19) nuduhake yen kembul bujana sesambungan karo upacara panggih penganten lan nuduhake sipat sesambungan sintagmatik, saengga kembul bujana sajrone upacara panggih penganten sakolokasi karo penganten kekarone lan dhahar sega.

Semono uga ukara (20) Roni lan Bojone (jejer) kalungguhane paraga kang nindakake acara kembul bujana (lesan) objektif sing ditindakake dening Roni lan Bojone, anggone nindakake ing dhepot pinggir wetan pasar Berbek (katrangan papan), saengga ukara (20) uga bisa ditampa, jalaran acara kembul bujana uga bisa sakolokasi marang dhepot pinggir wetan pasar Berbek lan Roni lan Bojone. Mula saka kuwi kembul bujana sajrone upacara panggih penganten mujudake kolokasi dhistribusi kang nuduhake sipat sesambungan sintagmatik, jalaran kembul bujana ora mung ana sajrone upacara panggih penganten.

j. Mertuwi

Acara Mertuwi sajrone upacara panggih penganten iku tegese mapak tekane besan utawa wong tuwa utawa wali saka penganten kakung. Adhedhasar bab kasebut bisa dingerten i yen mertuwi iki mung ana

sajrone upacara panggih penganten, jalaran mertuwi kuwi yen dijilentrehake adhedhasar komponen maknane mung sesambungan karo penganten. Luwih cethane bisa dideleng ukara ngisor iki.

Tuladha.

- (21) *Kemrungsunging manah, daya-daya besan enggal mertuwi, saha mangayu bagya dhumateng lekasing Bapak penganten putri ingkang nembe amiwaha putra mahargya siwi.*
- (22) (*) Wong tuwane Anita mapak tekane wong tuwane Tukimin nalika nindakake acara mertuwi.

Ukara (21) bisa dingerten yen Bapak penganten putri (jejer) kalungguhane paraga kang nindakake mapag (wasesa aktif) tekane besan (lesan) objektif pananggap sing ditindakake dening Bapak penganten putri. Adhedhasar komponen maknane mertuwi ukara (21) sing bisa ditampa, jalaran mertuwi kuwi sakolokasi karo Wong tuwa penganten putri lan mapak tekane besan sajrone upacara panggih penganten, saengga nuduhake sipay sesambungan sintagmatik kang komitif utawa netep.

Dene ukara (22) Wong tuwane Anita (jejer) kalungguhane paraga sing nindakake mapak (wasesa aktif), Wong tuwane Tukimin (lesan) kalungguhane pananggap sing ditindakake Wong tuwane Anita, anggone mapak nalika nindakake acara mertuwi (katrangan wektu). Mula ukara (22) ora bisa ditampa, jalaran Wong tuwane Tukimin lan Anita durung mesti besanan lan Anita karo Tukimin durung mesti dadi penganten, saengga bisa dingerten yen acara mertuwi sajrone upacara panggih penganten mujudake kolokasi ora dhistribusi kang nuduhake sipay sesambungan sintagmatik, jalaran mertuwi mung sesambungan karo upacara panggih penganten.

k. Sungkeman

Acara sungkeman sajrone upacara panggih penganten iku tegese njaluk dedonga lan pangestu tumrap wong tuwa penganten sakloron supaya anggone mbangun bale wisma bisa langgeng lan tentrem salaminya, cekake sungkem kuwi ateges njaluk dedonga pangestu. Mula saka kuwi sungkem bisa ditindakake dening sapa wae lan ning endi wae saengga sungkem ora mung ditindakake dening penganten sajrone upacara panggih penganten. Luwih cethane bisa dideleng ukara ing ngisor iki.

Tuladha.

- (23) *Sasampunipun penganten sungkem dening Rama-Ibu penganten putri, laju kapratitisaken sungkem wonten ngarsanipun Rama-Ibu penganten kakung.*
- (24) Parti anake Pak Sukro lan Bu Kasti kae nindakake sungkeman nalika arep budhal UNAS.

Ukara (23) penganten kekarone (jejer) kang kalungguhane minangka paraga sing nindakake acara sungkeman saengga, acara sungkeman iku minangka

(lesan) sing ditindakake dening penganten, lan wong tuwane penganten minangka pananggap sing ditindakake dening penganten kekarone. Mula guna lan kalungguhane Penganten kekarone lan Wong tuwa penganten kekarone ora bisa diowahi, jalaran bisa ngowahi makna sajrone upacara panggih penganten, saengga ukara (23) nuduhake sipay sesambungan sintagmatik kang netep (komitif).

Dene ukara (24) Parti (jejer) kalungguhane paraga kang nindakake sungkeman, saengga uga padha yen sungkeman minangka lesan sing ditindakake dening Parti, banjur Parti anggone nindakake sungkem menyang Pak Sukro lan Bu kasti, saengga Pak Sukro lan Bu Kasti paraga kang kalungguhane minangka pananggap apa sing ditindakake dening Parti. ing ukara (24) lan (24) nduweni kalungguhan kang padha lan nduweni teges kang padha, saengga bisa sesambungan karo paraga sapa wae ora mung penganten kekarone.

Mula sungkeman sajrone upacara panggih penganten mujudake sipay sesambungan sintagmatik, jalaran ngandhut komponen makna sajrone upacara panggih penganten, saliyane kuwi sungkeman mujudake kolokasi dhistribusi kang nuduhake sipay sesambungan sintagmatik, jalaran acara sungkeman ora mung ana sajrone upacara panggih penganten.

PANUTUP

Adhedhasar andharan lan dhiskusi asile panliten ing bab IV, panliten ngenani set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk. Banjur anggone nliti adhedhasar jinise sipay sesambungan paradigmatis ing set yaiku ana set sajinis lan set maneka werna, set mirunggan lan set umum, banjur set kuwasa lan set ora kuwasa, lan jinise sesambungan sintagmatik ing kolokasi yaiku kolokasi dhistribusi, kolokasi enkapsulasi lan kolokasi ekstensi.

Mula adhedhasar set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten ing Kecamatan Berbek Kabupaten Nganjuk bisa dingerten yen tembung-tembung balang gantul, ijol kembar mayang, sinduran, kacar-kucur lan mertuwi mujudake tembung-tembung kang mung ana lan wajib ana sajrone upacara panggih penganten, jalaran tembung-tembung kasebut kuwasa lan ora dhistribusi.

Banjur tembung-tembung kang ora kuwasa lan mujudake dhistribusi yaiku mersuci, kembul bujana lan sungkeman, jalaran tembung-tembung kasebut sanajan wajib ana, nanging ora mung ana sajrone upacara panggih penganten, tegese bisa wae tembung-tembung kasebut dhistribusi saka babagan liya.

Saliyane iku uga bisa dingerten yen ana tembung-tembung kang ora kuwasa, nanging mujudake ekstensi yaiku wiji dadi, pangkon timbang lan tanem jero, tegese tembung-tembung kasebut sajrone upacara panggih penganten nduweni tegese entar utawa kerep diarani kolokasi metaforis.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 1988. *Semantik*. Bandung: Sinar Baru.

Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Cetakan 1. Jakarta: PT. Rineka Cipta.

Geoffrey, Leech. 2003. *Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset

Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.

Kridalaksana, Harimurti dan Bambang Kaswanti Purwo. "Linguistik Indonesia". *Masyarakat Linguistik Indonesia* tahun 4 No. 7 juli 1986

Lyons, John. 1977. *Semantic volume 1*. Cambridge London New York Rochelle Melbourne Sydney: Cambridge University Press.

_____. 1995. *Pengantar Teori Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.

Nardiati, Sri. 1995. "Medan Makna ‘Aktivitas Gigi’ dalam Bahasa Jawa". *Widyaparwa*. Maret 1995. 22-42. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Parera, Jos Daniel. 1988. *Sintaksis*. Edisi Kedua. Jakarta: P.T Gramedia Pustaka Utama.

Parera, Jos Daniel. 2004. *Teori Semantik*. Edisi Kedua. Jakarta: Erlangga.

Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Saussure, Ferdinand de. 1996. *Pengantar Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Suwadji. 1995. *Medan Makna Rasa Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Suwanto, Edi. 1994. "Analisis Komponen Makna Leksikon Wadah Dibuat dari Bambu Bahasa Jawa". *Widyaparwa* Nomor 43.Okttober 1994 154-171. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Wahab, Abdul. 1995. *Teori Semantik*. Surabaya: Airlangga University Press.

Wedhawati. 1989. "Analisis Komponen Makna ‘Berjalan’". *Widyaparwa*. Juli 1989. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Wedhawati. 1990. *Tipe-Tipe Semantik Verba Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

_____. 1998. "Analisis Struktural dalam Pengkajian Semantik Leksikal". *Widyaparwa*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Wijana, Dewa Putu dan Muhammad Rohmadi. 2011. *Semantik Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka.

